KUBATSIRA VANHUKADZI PAMABASA AVO EKUTENGA NEKUTENGESA KUMAODZANYEMBA KWEAFRICA

Kabhuku kemashoko kevanhukadzi vanotenga nekutengesa vachiita zvekuyambuka mabhodha enyika

Kubatsira vanhukadzi kuburikidza nekuvapa ruzivo runodiwa panyaya dzekutenga nekutengesa uye dzezvinodiwa nemirau pakuyambuka bhodha munyika dzekumaodzanyemba kweAfrica.

SOUTHERN AFRICA TRUST

SACBTA
Southern Africa Cross Border Trader Association

Nhanganyaya

Kutenga nekutengesa kwevanhu vakazvimiririra vachiita zvekuyambuka bhodha kunobatsira chaizvo pakuderedza urombo uye pakuwanisa zvekudya. Sebasa rine chekuita nenyaya dzezveupfumi, kuri kubatsira kuchinja zvinhu panyaya dzezveupfumi munyika dzichiri kubudirira dzekumaodzanyemba kweAfrica. Mari inobva pakutenga nekutengesa uku kuri kuitwa nevanhu vakazvimiririra inoshanda chaizvo pakuderedza urombo.

Nhamba yakakura yevanoita zvekutenga nekutengesa ndeyevanhukadzi. Zvinofungidzirwa kuti vanodarika 70 muzana yevanoita zvekutenga nekutengesa vachiyambuka bhodha munyika dzeSouthern Africa Development Community (SADC) vanhukadzi. Vanhukadzi vanoita zvekutenga nekutengesa vane matambudziko akati kurei pakuaenzanisa neevanhurume, uye vanosangana nezvipingamupinyi zvakati wandei pakuita basa ravo rekutenga nekutengesa vachiyambuka bhodha.

Zvimwe zvezvipingamupinyi zvacho pauwandu hwazvo zvinosanganisira; kusawanika kwemashoko akazara uye kusaziva mirau uye zvinofanira kuitwa pabhodha, kusachengetedzeka kwevanhukadzi uye kwevana vavo pamabhodha, uye kusavapo kweurongwa hwezveutano uye hweutsanana.

Kabhuku kano kane chinangwa chekugadzirisa chimwe chezvipingamupinyi izvi, kuburikidza nekuwanisa vanhukadzi mashoko nezvezvinotarisirwa nemurau pabhodha. Nharaunda dzichataurwa mukabhuku kano ndedzinoti; urongwa hwekumhan'ara nzira dzekuomesa nadzo kupfuura kwezvinhu nepabhodha, Urongwa Hwakapfaviswa Hwekutenga Nekutengesa Hwenyika Dzekumabvazuva Nekumaodzanyemba kweAfrica (Common Market for Eastern and Southern Africa - COMESA), mazita ezvinhu zvinowanzotengwa nekutengeswa, zvirongwa zvine chekuita neNharaunda Dzekutenga Nekutengesa Zvakasununguka dzeSADC (Free Trade Area) uye zvinotaurwa nevanhukadzi vanoita zvekutenga nekutengesa.

OSISA
Open Society Initiative for Southern Africa

Chirongwa ichi icho chakatangwa neSouthern Africa Trust uye neSouthern Africa Cross Border Traders Association chiri kutsigirwa nemufananidzo weOSISA
www.southernafricatrust.org; www.sacbta.org;

ZVIRI MUKATI

PEJI

1. Mafuta edonje/maringazuva/zvirimwa /soyabhinzi neenzungu. 4

2. Chii chinonzi COMESA STR? 5
3. Wakakodzera here kushandisa COMESA STR? 6
4. Zvinoitwa pakupinza kana kubudisa zvinhu pabhodha uchishandisa COMESA STR. 10

5. Chikamu 1: MAZITA EZVINHU ZVESTR ZVINOWANZOTENGWA Uye Zvinhu Zvacho Zviri Zvakakodzera: Zambia neMalawi. 12

6. Chikamu 2: MAZITA EZVINHU ZVESTR ZVINOWANZOTENGWA Uye Zvinhu Zvacho Zviri Zvakakodzera: Zambia neZimbabwe. 15

7. Chikamu 3: MAZITA EZVINHU ZVESTR ZVINOWANZOTENGWA Uye Zvinhu Zvacho Zviri Zvakakodzera: Zimbabwe neMalawi. 20

8. Chikamu 4: MAZITA EZVINHU ZVESTR ZVINOWANZOTENGWA Uye Zvinhu Zvacho Zviri Zvakakodzera: Malawi neZambia. 22

9. Chikamu 5: MAZITA EZVINHU ZVESTR ZVINOWANZOTENGWA Uye Zvinhu Zvacho Zviri Zvakakodzera: Malawi neZimbabwe. 24

10. Urongwa hwekumhan'ara nzira dzekuomesa nadzo kupfuura kwezvinhu nepabhodha. 28

11. Urongwa hwacho hunoshanda sei? 31

SOUTHERN AFRICA TRUST

URONGWA HWAKAPFAVISWA HWEKUTENGA NEKUTENGESA HWECOMESA



Chii chinonzi COMESA STR?

Musika Wenyika Dzese Dzekumabvazuva Nekumaodzanyemba kweAfrica (Common Market for Eastern and Southern Africa - COMESA) STR chirongwa chakatangwa neCOMESA kuitira kuwedzera kutenga nekutengesa kunoitwa nevanhu vakazvimiririra vachiita zvekuyambuka bhodha, uye vachitenga nekutengesa zvinhu zvisina kunyanyowanda.

Chirongwa chacho chine chinangwa chekupfavisa zvinoitwa pakupinza zvinhu pabhodha uye chekuderedza zvinoda kubhadharwa pabasa rekutenga nekutengesa zvine chekuita nekubudisa kana kupinza zvinhu munyika kuitira kuti vanoita basa rekutenga nekutengesa vachiita zvekuyambuka bhodha vawedzere basa ravanoita.

Vanoita zvekutengesa vanogona kupinza kana kubudisa zvinhu zvemari inotangira pa$2000, vobatsirikana nemabhadhariro avanogona kusarudza pasi peCOMESA.

Urongwa hweCOMESA STR huri kuwanika munyika nhatu dzeSADC dzinoti Malawi, Zambia, neZimbabwe

Kushanda kweurongwa hwekutenga nekutengesa kunoshandisa zvinhu zvina zvakakosha; Chitambi Chakapfaviswa Chekwabva Zvinhu (Simplified Certificate of Origin), Gwaro Rakapfaviswa Rekupinzwa Kana Kubudiswa Kwezvinhu Pabhodha (Simplified Customs Document), Mazita Ezvinhu Zvinowanzotengwa, uye Panotangira Kushanda Chirongwa Chacho (ukoshi hwemari hwezvinhu zviri kutengwa pasi peSTR). Mushandi anopa mashoko nezvekutengeserana (Trade Information Desk Officer - TIDO) ndemumwe anokosha panyaya yeSTR.

Wakakodzera here kushandisa COMESA STR?

Kana uine chimwe chezvinotevera:

- Zvinhu zvakarimwa uye zvakagadzirwa munharaunda y eCOMESA bedzi zvinogona kubudiswa kana kupinzwa munyika
- Zvinhu zvacho zvichiwanika Pamazita Ezvinhu Zvinowanzotengwa (hapana chero mari yejuti yaunobhadhara pazvinhu zviri Pamazita Ezvinhu Zvinowanzotengwa)
- Zvinhu zvacho zvichatengeswa munyika yamakavakidzana nayo kwete munzira (munyika yauri kupfuura nemairi)
- Bvunza vanoona nezvekupinzwa kana kubudiswa kwezvinhu nepabhodha/Mushandi Anopa Mashoko Nezvekutengeserana (Trade Information Desk Officer - TIDO) kuti uone Mazita Ezvinhu Zvinowanzotengwa kana zvinhu zvacho zvisiri kuratidzwa pabhodha pachikwangwani chezviziviso chipi zvacho chinenge chiri pedyo newe
- Zvinhu zvacho zviine ukoshi hweSTR hunotangira kana kuti huri pasi pe(US$2000)
- Zvinhu zvacho zvinofanira kutengeserwa kunyika kwazviri kuenda kwete munzira.

Chii Chinonzi Mazita Ezvinhu Zvinowanzotengwa?

Mazita Ezvinhu Zvinowanzotengwa zvinoreva mazita ezvinhu zvakabvumiranwa nenyika mbiri dzakavakidzana kuti zvitengwe kana kutengeswa zvichidarika nepabhodha renyika dzacho pasina mari yekubhadhara kupinzwa kwazvo munyika pasi peCOMESA STR.

Magwaro api aunoda kuti ushandise COMESA STR?

Kuti vashandise STR, vatengi nevatengesi vanofanira kuva nemainivhoisi ezvinhu zviri kuda kupinzwa kana kuti kubudiswa munyika. Kuwedzera kune izvi, marezinesi anodiwa kana zviri zvinhu zvekushandisa pakurima kana kuti zvakagadzirwa kubva pamhuka izvo zvinonzi nemurau hazvifaniri kuyambuka bhodha zvachero.

Chitambi Chakapfaviswa Chekwabva Zvinhu (Simplified Certificate of Origin) chinobatsira mutengi kana mutengesi kusabhadhara juti uye kuti apinze kana kubudisa munyika zvinhu zvisina uwandu hunonzi ndihwo hunotenderwa, chero bedzi zvinhu zvacho zvichiwanika pamazita ezvinowanzotengwa uye mazita acho anofanira kuendeswa pachishandiswa chitambi chakapfaviswa chekwabva zvinhu.

Nzvimbo Dzinopa Mashoko Nezvekutenga Kana



Nzvimbo Dzinopa Mashoko Nezvekutenga Kana Kutengesa (Trade Information Desks) inzvimbo dziri pasi pe COMESA Simplified Trade Regime (STR) dziri panzvimbo dzakasiyana-siyana dzepabhodha kuti dziwanise ruyamuro uye dzipe mashoko anenge achidiwa nevatengi uye vatengesi vari kuyambuka bhodha. Dzinobatsirawo vatengi nevatengesi vakazvimiririra vanoita zvekuyambuka bhodha avo vanenge vachida kuumba mapoka anoshanda zviri pamutemo.

Nzvimbo Dzinopa Mashoko Nezvekutenga Kana Kutengesa dzinoshandwa neVashandi Vanopa Mashoko Nezvekutengeserana (Trade Information Desk Officers - TIDOs) vanopiwa mabasa nemasangano anoona nezvevanotenga kana kutengesa vachiita zvekuyambuka bhodha vemunyika yavo (Cross Border Traders Associations (maCBTA) kana kuti nemasangano anovamiririra.

Basa remaTIDO nderekupa mabasa eruyamuro uye kupa mashoko anodiwa pakutenga nekutengesa kusanganisira magwaro anodiwa nevatengi uye vatengesi vanoita zvekuyambuka bhodha uye kana zvichidiwa, kupa zvinhu izvi kuvamwe vatengi nevatengesi pamwe chete nevamwe vanofarirawo nyaya idzi avo vangade mashoko aya pamwe chete nemabasa eruyamuro acho. Izvi zvinosanganisira kuunganidza mashoko ese anokosha ane chekuita nezvinotevera (asi kwete iwayo bedzi):-

- Zvinhu zvinowanzotengwa nekutengeswa
- Uwandu hwevari kuita zvekutenga nekutengesa (mashoko nezvevatengi nevatengesi vari kunyanya kuyambuka bhodha pasi peSTR)
- Mashoko ane chekuita nezvisiri pamutemo kana kuti nezvekubatwa zvisizvo kwevatengi nevatengesi vanoyambuka bhodha panyaya dzakadai sedzeuori, kushungurudzwa uye echero zvipingamupinyi zvipi zvazvo zvekuomesa kupfuura kwezvinhu nepabhodha
- Mashoko nezvenguva iri kutorwa pakuyambutsa zvinhu kuti zvipinde kana kubuda nepabhodha
- Kuwanikwa kwemagwaro uye zviri kugonekwa nemasangano epamabhodha pakubatsira nhamba iri kuramba ichiwedzera yevatengi nevatengesi vanoita zvekuyambuka bhodha
- Kugadzira mishumo yepamwedzi nemwedzi uye yekatatu pagore iyo inozoshandiswa nemasangano anoona nezvevanotenga kana kutengesa vachiita zvekuyambuka bhodha (Cross Border Traders Associations - CBTA), COMESA uye hurumende;
- Kubatsira CBTA pakugara kwayo ichichenjedza vatengi nevatengesi
- Kuwana mitengo yezvinhu zvinowanzotengwa nekutengeswa.

Kupa mashoko nezvezvinoitwa pakupinza nekubudisa zvinhu nepabhodha uye chero zvii
- zvazvo zvinenge zvachinjwa.
- Kupa mashoko nezvepekugara, zvekufambisa, uye chero mamwe mabasa api zvawo anokosha kuvatengi nevatengesi
- Kupa mazano nezvekupinzwa nekubudiswa kwezvinhu pabhodha, kutenga nekutengesa uye zvinoitwa pabhodha, uye kuzadza mafomu anodiwa pamwe chete nekuapa kumasangano epabhodha anenge achida mafomu acho.

Zvinoitwa pakupinza nekubudisa zvinhu pabhodha

Vatengi uye vatengesi vanodikanirwa kupatsanura zvinhu zviri Pamazita Ezvinhu Zvinowanzotengwa nekutengeswa nezviya zvisiri pamazita acho. Zvinhu zvakakodzera ndizvo zvinonyorwa paFomu Rakapfaviswa Rekupinzwa Kana Kubudiswa Kwezvinhu Pabhodha (Simplified Customs Document Form). Chitambi Chakapfaviswa Chekwabva Zvinhu (Simplified Certificate of Origin) cheCOMESA chinofanira kusainwa uye kudhindwa nemushandi anoona nezvekupinzwa uye kubudiswa kwezvinhu pabhodha.

Zvinhu zvinonzi hazvingopinzwi kana kubudiswa munyika zvachero pasi peCOMESA STR

Zviremera izvo zvakapiwa masimba ndizvo zvinotema kuti zvinhu zvinotevera zvisangopinzwe kana kubudiswa munyika zvachero; Mishonga, zvekudya zvinorimwa, zvirimwa uye zvigadzirwa zvine chekuita nemhuka zvakadai semishonga yekuuraya zvipembenene, maorenji, mabhanana, mukaka, mazai, hove, nyama kana huku.

Vatengi uye vatengesi vanofanira kuwana matsamba emvumo ekuvatendera kubudisa kana kupinza munyika zvinhu zvacho anobva kuBazi Rezveutano (Ministry of Health), Bazi Rezvekurima (Ministry of Agriculture) uye Sangano Rezvekuchengetedzwa Kwezvakatipoteredza (Environmental Management Agency). Zvinhu chete zvinoenderana nezvinodiwa pakuchengetedza zvekudya, zvinoenderana nemirau ine chekuita nezvirimwa uye mhuka, kusanganisira kuchengetedzwa kwezvakatipoteredza ndizvo zvichapinzwa kana kubudiswa munyika.

Unotarisirwa kubhadhara mari yemutero (Value-Added Tax) kana kuti yekubasabhadhara Mutero (Withholding Tax) kana zviri zvinhu zvishoma here?

Mari yejuti rekupinza zvinhu munyika ndiyo yega isingabatwi neSTR, pasi pemitero yenyika yemudzimwe nyika panobhadharwa mari yeMutero (Value-added tax - VAT), yejuti uye yekusabhadhara Mutero.

ZVINOITWA PAKUPINZA KANA KUBUDISA ZVINHU PABHODHA UCHISHANDISA COMESA STR

DANHO 1 KUPINDA MUNYIKA

Zvisume kumushandi anoona nezvekupinda munyika uye dhindisa pasipoti yako

DANHO 2 PATSANURA ZVINHU ZVAKO

Kana uri kupinza zvinhu munyika patsanura zvinhu zvacho muzvikamu zvinotevera:
Zvinhu zvakagadzirwa munharaunda yeCOMESA izvo zvinowanika Pamazita Ezvinhu Zvinowanzotengwa izvo zvisingabhadharirwi juti zvinopatsanurwa nezvinhuzvinogadzirwa munyika dzeCOMESA asi zvisiri Pamazita Ezvinhu Zvinowanzotengwa izvo zvingangobhadharirwa juti.



DANHO 3 CHITAMBI CHAKAPFAVISWA CHEKWABVA ZVINHU

Zadza Chitambi Chakapfaviswa Chekwabva Zvinhu cheCOMESA (COMESA Simplified Certificate of Origin). Chitambi chacho chinofanira kusainwa uye kuiswa chidhindo nemushandi anoona nezvekupinzwa uye kubudiswa kwezvinhu munyika zvichiitirwa zvinhu zviri Pamazita Ezvinhu Zvinowanzotengwa. USAMBOFA WAKABHADHARA mushandi anoona nezvekupinzwa uye kubudiswa kwezvinhu munyika nechero mari ipi zvayo kuti azadze fomu iri.

Kana mushandi wepaNzvimbo Inopa Mashoko Nezvekutenga Kana Kutengesa aripo pabhodha, uchabatsirwa kuzadza fomu racho kana kuti achapindura mibvunzo yaungave nayo.

DANHO 4 KUPINZA KANA KUBUDISA ZVINHU ZVINE CHEKUITA NEKURIMA KANA NEMHUKA

Wana mvumo kubva kuzviremera zvinoona nezvezvinhu zvacho kana uine zvinhu zvine chekuita nekurima kana nemhuka kana chero zvimwe zvinoda kuti uve nerezinesi kuti mvumo.

DANHO 5 KUBHADHARA JUTI UYE MUTERO

Juti Rekupinza Zvinhu Munyika rezvinhu zviri Pamazita Ezvinhu Zvinowanzotengwa haribhadharwi asi ungafanira kubhadhara majuti Ezvinhu (Excise duties) kana kuti Emitero (Value Added Tax - VAT) pazvinhu zvacho.

Majuti Ekupinza Zvinhu Munyika (Customs Duties) akasiyana neMajuti Ezvinhu (Excise Duties). Juti Rezvinhu (Excise Duty) rinowanzobhadharwa pane zvimwe zvezvinhu zvakadai sezvekunwa zvine kabhoni, masipiriti, midzanga, zvekupodesa uye zvimwe zvinhu zvinenge zvichiunzwa munyika.

Unobva waenda Panobhadharirwa kuti ubhadare juti reKupinza zvinhu munyika (Customs duty), Juti Rezvinhu (Excise Duty) uye Mutero (VAT) inenge ichidiwa.

Kana wapedza zvese zvinodiwa, uchatenderwa kuenda nezvinhu zvako

Kana usiri kunzwisisa kana kuti uchida mamwe mashoko nezveCOMESA STR taura nevanopa mashoko nezvekutengeserana (Trade Information Desk) vari pabhodha kana kuti nemushandi anoona nezvekupinzwa uye kubudiswa kwezvinhu pabhodha, kana kuti neBazi Rezvekutengeserana

Chikamu 1: MAZITA EZVINHU ZVESTR ZVINOWANZOTENGWA Uye Zvinhu Zvacho Zviri Zvakakodzera: Zambia neMalawi panguva yakaprindwa kabhuku kano

Chinhu	Kodhi yeHS
Mbudzi mhenyu	010420
Hwai mhenyu	010410
Tsuro mhenyu	010690
Hove nyoro (hove mhenyu hadzitenderwi)	030269
Hove dzakaomeswa, dzakaiswa sauti kana kuti dzakagochwa	030569
Mukaka usina kukora, yogati nekirimu	040110 - 040130
Mbatatisi (dzekulreland uye dzinotapira	070110 - 070190
Bhinzi dzeSoya	120100
Nzungu	120210 - 120220
Mupunga	100610 - 100640
Hanyanisi	070310
Mabhanana	080300
Hohwa (hwakanyorwa tsanangudzo yakakodzera, inoratidza kuti hwakarimwa kupi)	070951
Madomasi	070200
Mbeu dzemaringazuva (kwete dzekudyara)	120600
Bhinzi dzakaomeswa (kwete dzekudyara)	071310 - 071390
Pizi dzinonzi “chick” dzakaomeswa (channa)	071320
Masamba	090230
Kofi	090111 - 090190
Shuga	170111
Zvigadzirwa zvemapuranga (Wood curios)	442010 – 442090
Macheya etsanga	940190
Chikafu chezvipfuwo	230800, 230910
Zvinwiwa zvinogadzirwa nemichero	200912 - 200990
‘Super Maheu (Dhiringi Rine Kakunaka Kechibage)	290690

Chinhu	Kodhi yeHS
Mabhisikiti	190531
Zvidimbu zveSoya	21061090 – 23040000
Simendi	252329 – 252390
Raimu yekushandisa pakugadzira waitiwashi	252210

SOUTHERN AFRICA TRUST

Chikamu 2: MAZITA EZVINHU ZVESTR ZVINOWANZOTENGWA Uye Zvinhu Zvacho Zviri Zvakakodzera: Zambia neZimbabwe panguva yakaprindwa kabhuku kano.

Chinhu	Kodhi yeHS
Mhuka mhenyu	0101 kusvika 0106
Mbatatisi (nyoro kana kuti dzakaiswa mufiriji)	0701
Madomasi (manyoro kana kuti akaiswa mufiriji)	0702
Hanyanisi, masharoti, gariki, rikisi	0703
Makabheji, korifurawa, nezvimwe.	0704
Retisi	0705
Karotsi, tenipi, saradhi, bhitirutu, uye zvimwe zvimidzi zvinodyiwa	0706
Magaka nemapudzi	0707
Pizi, bhinzi, uye zvimwe zvinoita mhodzi dzakada kudaro (nyoro kana kuti dzakaiswa mufiriji)	0708
Zvimwe zvirimwa (asparagus, eggplant, celery, hohwa, nezvimwe)	0709
Zvirimwa zvakaomeswa (kusanganisira hohwa, wood ears, jelly fungi)	0712
Bhinzi dzakaomeswa, bhinzi dzinonzi "chickpeas", lentils (kusanganisira mbeu yekudyara)	0713
Mbeu	0713
Mabhanana	0803
maonde, mapineapple, makotopeya, maguava, mango	0804
Maorenji, mamandarin, magrapefruit, mandimu	0805
Magirepi (manyoro kana kuti akaomeswa)	0806
Mapopo	0807
Kofi (yakakangwa/isina kukangwa, yakaiswa kafeini/yakabviswa kafeini)	0901
Tii (yegirini kana kuti nhema)	0902
Mafuta eSoya bhinzi	1507
Mafuta enzungu	1508

Chinhu	HS Code
Mbeu yemaringazuva, safflower kana mafuta emhodzi dzedonje	1512
Mamwe mafuta anobva mumiriwo	1515
Majarini	1517
Ipwa kana kuti beet sugar	1701
Zvinogadzirwa neshuga (kusanganisira chokoreti chena uye mabhabhurigamu aanenge asina cocoa)	1704
Chokoreti kana zvimwe zvekudya zvinogadzirwa zvinenge zviine shuga	1808
Musanganiswa unoitirwa vacheche unenge wakaitirwa kutengesa zvakare (kunze kwemusanganiswa wevacheche, sezvakaita Lactogen)	190110
Madomasi (akagadziri kana kuchengetedzwa neimwe nzira isiri yekushandisa vhiniga kana kuti acetic acid)	2002
Majemu, majelly emichero, marmalade	2007
Dovi	200811
Zvinwiwa zvinogadzirwa nemichero	2009
Mbiriso	2102
Masupu uye sumhu	2104
Mvura (kusanganisira mvura yemuzvigubhu kana kuti yakaiswa mweya, yakawedzerwa shuga kana kuti yakaiswa zvinotapira)	2202
Waini	2204
Whisky, doro, gin, vodka, maliqueur, nezvimwewo.	2208
Vhiniga	2209
Simendi	2523
Shinda yedonje	3005
Pendi nemavhanishi (mhando dzacho: Astra, Chroma, Promac, Splash, Dulux neProchem)	3208 - 3210
Ingi yekuprindisa, yekunyoresa kana yekudhirowesa kana dzimwewo ingi	3215
Mapefiyumu nemvura dzinonhuwirira	3303
Zvekunakisa kana kuti zvekupodesa uye zvekunakisa nazvo ganda	3304

Chinhu	Kodhi yeHS
Zvekushandisa pakugadzira bvudzi	3305
Sipo	3401
Zvekushandisa pakuchenesa nepakusuka (zvakadai sezvekuchenesa nazvo)	3402
Maporishi nemakirimu anoshandiswa pashangu	3405
Zvekudiridzisa zvepurasitiki uye pombi dzepurasitiki	3917
Zvepadenga remba zvepurasitiki	392100
Masaga uye mabhegi epurasitiki	392321 - 392329
Zvekuisa pamatebhuru, zvemukicheni, mimwe midziyo yemumba uye zvimwe zvigadzirwa zvepurasitiki (kusanganisira zvekuisira maruva zvakagadzirwa nepurasitiki, makapu uye mapureti epurasitiki)	3924
Matengi emvura epurasitiki	392510
Magirovhosi anoshandiswa pakurapa	401511
Maraincoat erabha	401590
Mabhegi uye mahendibhegi edehwe, zvichingodaro.	4202
Zvinoshandiswa pakugadzira zvinhu zvematehwe	4203
Mabhodhi emapuranga	441011
Mahwindo emapuranga, madhoo, Wood windows, doors, posts and beams, assembled floor panels, etc.	4418
Zvetswanda	4602
Mapepa ari kuraswa	4707
Manotibhuku, mabhuku ekunyorera tsamba, maekisesaizi bhuku, zvekushandisa pakubhainda mabhuku, maforodha, nemakavha emafaira, zvichingodaro.	4820
Mapepa	4821
Mabhuku akaprindwa, mabhurocha, tumapepa uye zvimwe zvakaprindwa zvakada kudaro	4901
Zvakamendwa nemaoko kana zvimwe zvakaitwa netsono	5805
Zvakamendwa (zvemachera anonamatidzwa kana kuti zvichiita zvekusiyaniswa-siyaniswa)	5810

Chinhu	Kodhi yeHS
Zvemachira zvakagadzirwa zvakaita kuturikidzana	5811
Machira akarukwa kana kukirochetiwa zvakasiyana-siyana	6001
Machira akakiroshewa	6002
Zvekupfeka (zvekupfeka zvitsva bedzi)	Chitsauko 61 ne62
Magumbeze nemaragi ekuendesa parwendo	6301
Mashiti epamubhedha, machira epatebhuru, machire emutoireti neemukicheni	6302
Zvekupfeka mutsoka zvisingapinzi mvura	6401
Zvekupfeka mutsoka zvine kunze kwerabha, zvepurasitiki, zvine dehwe kana kuti zvine pamusoro pejira	6404
Zvikamu zveshangu	6405
Zvebvudzi (Hair extensions)	6703
Waya uye tambo dzekopa	7408
Michina yema'Freezit'	833880
Michina yekugadzirisa makenduru	841989
Magejo nemapatsi emagejo	843210 ne843290
Michina yekugadzirisa dovi	843780
Mabhatiri emota: Chloride, Victor onion, Exide	850710
MaAutomatic circuit breaker (anogadzirwa nemakambani akadai seImperial, Mukonitonics)	853521-853529, 853620
Masuwichi	853530 ne853630 - 853650
Mapeni, mamaka, zvichingodaro.	9608
Zvivezwa chaizvo uye zvifananidzo zvakagadzirwa nechero chii zvacho	9703
Machipisi ekudya	2005
Sipo yeupfu ye'STA-Soft'	3402
'Bisto' Gravy	2104
Mapedhi e'Nina'	5601
MaMathematical set	9017



SOUTHERN AFRICA TRUST

Chikamu 3: MAZITA EZVINHU ZVESTR ZVINOWANZOTENGWA Uye Zvinhu Zvacho Zviri Zvakakodzera: Zimbabwe neMalawi panguva yakaprindwa kabhuku kano.

Chinhu	Kodhi yeHS
Mhuka mhenyu	Chitsauko 1 kusanganisira 0101 kusvika 0106
Mazai eshiri, ari mumakoko awo, asina kubikwa, akachengetedzwa kana kubikwa (kana kuti ekuti azochochonya)	0407
Mbatatisi, nyoro kana kuti dzakaiswa mufiriji	0701
Madomasi, manyoro kana kuti akaiswa mufiriji	0702
Hanyanisi, masharoti, gariki, rikisi	0703
Makabheji, korifurawa, nezvimwe.	0704
Retisi	0705
Karotsi, tenipi, saradhi, bhitirutu, uye zvimwe zvimidzi zvinodyiwa	0706
Magaka nemapudzi	0707
Pizi, bhinzi, uye zvimwe zvinoita mhodzi dzakada kudaro nyoro kana kuti dzakaiswa mufiriji	0708
Zvimwe zvirimwa (asparagus, eggplant, celery, hohwa, nezvimwe)	0709
Zvirimwa zvakaomeswa (kusanganisira hohwa, wood ears, jelly fungi)	0712
Bhinzi dzakaomeswa, bhinzi dzinonzi “chickpeas”, lentils kusanganisira mbeu yekudyara	0713
Mbeu	0713
Mabhanana	0803

SOUTHERN AFRICA TRUST

Chikamu 4: MAZITA EZVINHU ZVESTR ZVINOWANZOTENGWA Uye Zvinhu Zvacho Zviri Zvakakodzera: Malawi neZambia panguva yakaprindwa kabhuku kano

Chinhu	Kodhi yeHS
Midziyo yemukicheni (Mapoto eAluminium neesimbi)	73.23 ne76.15
Upfu/Furawa yechibage	11.02
Chibage	10.05
Fetereza	31.05
Mbeu	Chitsauko 12
Zvinoita mhodzi (Pizi nyoro, bhinzi)	07.08
Makabheji	07.04
Karotsi	07.06
Chirimwa	Chitsauko 7
Mango	08.04
Nzungu	12.02
Nzungu dzakaomeswa uye pizi dzakaomeswa	07.13
Mazai	04.07
Zvisaririra zvedonje	23.03 23.06
Mhiripiri/paprika	09.04
Mvura yemuzvigubhu	22.01
Mafuta ekubikisa	15.12
MaAirvents	39.17
Mataira Ematombo	68.10
Bhinzi Dzakaomeswa	07.13
Sipo uye MaDetergent Paste	34.01 34.02

SOUTHERN AFRICA TRUST

Chikamu 5: MAZITA EZVINHU ZVESTR ZVINOWANZOTENGWA Uye Zvinhu Zvacho Zviri Zvakakodzera: Malawi neZimbabwe panguva yakaprindwa kabhuku kano

Chinhu	Kodhi yeHS
Maair vents epurasitiki	3917/3917.33
Masaga Asina Chinhu	63.05
Mufarinya uye Zvinogadzirwa Nemufarinya	07.14 and 11.08
Twaini yepurasitiki	56.07
Mukaka usina kukora uye zvinogadzirwa nemukaka	04.01
Tsanga/twaini (zvekugadzirisa macheya etsanga uye zvinhu zvinogadzirwa netsanga)	56.07
Zvekupisisa marasha uye ivhu rekupisisa marasha	68.15 and 25.08
Zvigadzirwa zvemaoko (bhasiketi, matireyi akarukwa)	46.02
Mhunga	10.08
Peki yemapai (pepa rekuti asanamatire)	48.19
Chili Sauce	21.03
Matishu	48.18
Manepi	96.19
Macheya epurasitiki	94.03
Makenduru	34.06
Mapenzura	96.09
Zvekushandisa pakugadzira aizi nemakoni	21.05
Mapepa ari kuraswa	47.07
Muchina wekugadzirisa aizi kirimu	8418.69.00
Muchina wekuputitsa maPopcorn	84.19 and 85.16
Rezini yefaibha girazi	39.26
Faibha girazi	70.19
Mahwindo peni	76.10
Furawa yeGorosi	11.01
Zvekunamisa mahwindo	32.14
Mafuta edonje/maringazuva/zvirimwa/soyabhinzi neenzungu	15.12,15.07 and 15.08

Chinhu	Kodhi yeHS
Masaga asina chinhu	63.05
Matehwe	41.04 and 41.05
Midziyo yepurasitiki (zvekuisira zvinhu, mabheseni, macheya, mapureti uye makapu)	39.24, 39.26 and 94.03
Majarini	15.17
Petroleum jelly, Zvekupodesa rosheni dzekuzora muviri	33.04
Porishi, yepasi neyeshangu	34.05
Masuwiti, mabhabhurigamu	17.04
Zvinyoreso uye Mapenzura	96.08 and 96.09
Shinda yekurukisa	51.09
Makenduru	3406.00.0
Zvekudyiradyira (zvakagadzirwa nembatatisi uye chibage)	19.04 and 19.05
Pendi	32.08 32.09
Mapadza/matemo	82.01
Mapepabhegi	3923.21 3923.29
Doro remasipiriti	22.08, 22.06
Mhunga	10.08
Mapuranga ematenga edzimba	92.06
Ng'oma	92.06
Tambo newaya dzemagetsi	85.44
Midziyo inoshandiswa pakuita zvetsika	92.02
Mabhero anoshandiswa pakuita zvetsika nemidziyo inoshandiswa netsoka	92.08
Midziyo yeMalimba Lozi	92.02
Nyama yemombe yakaiswa mumatini/yakapekwa	16.02
Chizi	04.06
Hove dzichangopekwa	03.04
Doro rezviyo	22.06
Meti dzetsanga	46.01

Chinhu	Kodhi yeHS
Zvepurambin'i	39.17
Mufarinya uye Zvinogadzirwa Nemufarinya	07.14 11.06
Marata ematenga edzimba	72.10
Mameti epurasitiki	39.26
Mabhara/Motokari	8716.80
Madhiramu epurasitiki	39.23
Madoro akakura	22.03

SOUTHERN AFRICA TRUST

URONGWA HWEKUMHAN'ARA NZIRA DZEKUOMESA NADZO KUPFUURA KWEZVINHU NEPABHODHA

Musika Wenyika Dzese Dzekumabvazuva Nekumaodzanyemba kweAfrica (Common Market for Eastern and Southern Africa - COMESA) neSouthern Africa Development Community (SADC) dzakaita kuti pave neurongwa hwekumhan'ara zvibingamupinyi panyaya dzekutenga nekutengesa pachishandiswa nzira yekutumira meseji (Short Message Service - SMS) munharaunda yadzo.

Nzira dzekuomesa nadzo kupfuura kwezvinhu nepabhodha (Non-Tariff Barriers - NTB) zvinoreva kuomesa pachishandiswa nzira dzekurambidza, kugadza mitemo, kana kuisa mirau inoita kuti kupinza kana kubudisa zvinhu kuome uye/kudhure.

Nzira yeSMS iyi inowedzera panzira yepaindaneti yekumhan'ara nayo, yekuongorora, uye yekubvisa nayo zvibingamupinyi zvekuomesa nazvo kupfuura kwezvinhu nepabhodha (non-tariff barriers - NTB). Nzira yekutumira nayo meseji (SMS) iri kushandiswa senzira yekuvaka uye yekupa simba rekurwisa nzira dzekuomesa nadzo kupfuura kwezvinhu nepabhodha uye kuita kuti dzikurumidze kubviswa.

Mienzaniso Yenzira Dzekuomesa Nadzo Kupfuura Kwezvinhu Nepabhodha

Kubhana zvinhu zvinopinda munyika

Mirau ine chekuita Nekwabva Zvinhu yakaoma/inosarura

Mamiriro ezvinhu emhando yepamusoro anosimbirirwa nenyika iri kupinza zvinhu achiitirwa nyika kuri kubva zvinhu zvacho.

Zvinotarisirwa zvisina musoro/zvisina chikonzero panyaya yekupeka zvinhu.

Zvinotarisirwa pakukodzera kwenyika kuri kubva zvinhu zvichitariswa nenyika yekuri kuenda zvinhu zvacho.

Zvinotarisirwa zvisina musoro uye Zveutano hwezvirimwa panyaya yekupinzwa munyika kwezvirimwa.

Kunyora tsanangudzo, zvinotarisirwa kuti zvinhu zvinge zvakaita, mirau yakaoma ine chekuita nekuchengetedzwa kwezvakatipoteredza.



Zvinotarisirwa pakukodzera kwepari kubva zvinhu (femu, kambani) zvichitariswa nenyika yekuri kuenda zvinhu zvacho.

Uri kusangana nezvipingamupinyi zviri pamusoro apa here?

Unoziva here kuti unogona kumhan'ara nzira dzekuomesa nadzo kupfuura kwezvinhu nepabhodha?

Waita dambudziko pakupfuudza zvinhu nepamabhodha here?

Mhan'ara uchishandisa nhamba dzeserura dziri pasi apa:

Nhamba dzekutumira meseji (SMS) muZambia:
+260976757643

Nhamba dzekutumira meseji (SMS) muZimbabwe:
+263715876373

Malawi
+265 992 595674

Eswatini
+27 72 949 2093

Mozambique
+27 72 949 2093

Sarudza nyika imwe chete pane dziri pamusoro apa wobva watumira meseji (SMS) yeNTB yacho kuvanonangana nechichemo:

- udziko nderei?
- Ndekupi kwazvaitika uye zvaitika rini?
- Zita remutengi kana mutengesi
- Nhamba dzefoni dzemutengi kana mutengesi

Urongwa hwacho hunoshanda sei?

1

Ari kugunun'una anotumira meseji kuitira kuti dambudziko rake rinyorwe pasi

2

Chichemo chinobva chachengetwa mukombiyuta yeNTB uye panobva paziviswa Anoona nezvedambudziko racho

3

Anoona nezvedambudziko racho anobva apa basa kuVanogadzirisa vemunharaunda (veRegional Economic Community) neVanonangana Nechichemo (veFocal Point) kuti vagadzirise

4

Mugunun'uni anoziviswa kuti chichemo chake chaendeswa kuVanonangana Nechichemo (veFocal Point) uye kuti chiri kugadziriswa

5

Vanogadzirisa vemunharaunda (veRegional Economic Community) neVanonangana Nechichemo (veFocal Point) vanotanga kugadzirisa dambudziko racho uye vachitumira mashoko

6

Kana dambudziko racho ragadziriswa, ari kuona nezvedambudziko racho anochinja chichemo chacho mukombiyuta kuti chiti Ragadziriswa

7

Mugunun'uni anoziviswa kuti chichemo chake chagadziriswa

+27 11 318 1012

info@southernafricatrust.org

www.southernafricatrust.org

45 Kyalami Blvd, Kyalami Park,
Midrand, 1684, South Africa

SOUTHERN AFRICA TRUST

Yakasikwa na Stractiv8 Digital